

## **Deklarasyon ekonomik otòn 2023 a: mezi kle pou bati plis lojman e sipòte klas mwayèn nan e rann lavi a pi bon mache**

Mezi kle ki dekri nan *Deklarasyon Ekonomik Otòn 2023* gen ladan:

### **Plan Aksyon Lojman Kanada a**

- Fon akseleratè lojman 4 milya dola, k ap ede diminye fòmalitye administratif yo ak bati plis pase 100 000 nouvo lojman toupatou nan Kanada.
- Retire TPS nan nouvo lojman pou lokasyon, enkli lojman koperativ kòporasyon ki bay lokasyon alontèm;
- Debloke 20 milya dola nan finansman konstriksyon a pri ba pou bati jiska 30,000 kay chak ane;
- Finanse plis lojman pou lokasyon nan mete sou pye prè pou 15 milya dola nan pwogram konstriksyon apatman pou ede konstwi 30,000 nouvo kay;
- Bati plis lojman abòdab pou kanadyen ki plis nan nesosite ak 1 milya dola nan Fon lojman abòdab, pou ede konstwi plis pase 7,000 nouvo kay;
- Kraze baryè pou fè vini travayè nan Kanada, ak priyorite pou travayè nan konstriksyon ak pwofesyonèl swen sante yo, ak priyorite pou kòmèsan kalifye pou jwenn rezidans pèmanan;
- Anpeche lokasyon ki pa dire lontan e ki pa konfòm e soutni meri yo pou yo aplike restriksyon pou lokasyon peryòd kout; e,
- Yon nouvo konstitisyon ipotèk pou asire kanadyen ki gen risk finansye kapab jwenn aksè nan soulajman ipotèk nan mezi yo kapab atann nan bank yo pou ka ede yo peye dèt yo e rete lakay yo;

### **Sipòte yon klas mwayen ki fò**

- Ranfòse konpetisyon nan Kanada, ki vle di nan kesyon pri ba ak plis chwa, nan ranfòse lwa pou anpeche pratik enjis ki fè depans yo monte;
- Asire senk pi gwo chèn pwodui alimantè Kanada yo kenbe angajman yo pou estabilize pri yo, ak amelyore konpetisyon nan sektè pwodui alimantè a;
- Siprime TPS nan sèvis sikoterapi ak konsèy, pou kapab pèmèt swen sante mantal la pi abòdab pou kanadyen yo;
- Kontinye pran mezi kont yon seri frè endesirab bank yo faktire, tankou nan bese frè pou fon ki pa sifizan (NSF), nan etidye tarif sou kesyon vwayaj entènasyonal e asire konpayi ayeryen yo plase tout timoun ki pi piti pase 14 zan rete bò kote adil ki akonpaye yo san yo pa peye lòt frè pou sa;
- Amande lejislasyon pou sipòte dwa kanadyen yo pou repare aparèy yo ak pwodui nan anpeche manifakti yo refize bay mwayen pou repare yo nan anti-fason konpetitif.

- Yon nouvo avantaj adopsyon asirans travay, ki ta bay 15 semèn avantaj patajab pou paran yo; e
- Amelyore kont bankè nan yon pri ki ba e san pri pou reflekte reyalite modèn yo
- bank pandan y ap deziyen yon sèl medyatè endepandan pou ede Kanadyen rezoud pwoblèm plent ak bank yo.